



ÈSKE OU ENFIM OSWA ÈSKE W AP APLIKE POU MEDICAID?

Notifikasyon pou Enfòmasyon sou Enfimite ak Fòmilè Demann

Sa pou bay avèk aplikasyon ou pou Medicaid.

Kisa Medicaid ye? Medicaid se yon pwogram asistans leta ap dirije pou moun ak fanmi ki pa touche gwo lajan epi ki nan nesosite. Si ou genyen laj 65 ane epi ou pa genyen pitit, ou dwe se yon moun enfim pou w kapab kalifye pou Medicaid Florid.

Kisa enfimite ye? Ou kapab se yon moun enfim sou genyen yon maladi ki afekte (oswa ki prevwa pou afekte) kapasite ou pou mache pandan omwen 12 mwa okonplè, oswa ki kapab lakòz ou mouri. Yo kapab konsidere yon timoun kòm moun ki enfim si li genyen yon kondisyon medikal ki grav ase pou yo konsidere yon enfimite pou yon adilt. Si ou aplike pou Medicaid dapre enfimite ou, ou dwe aplike pou tout lòt peman revni pou enfimite ou kapab anmezi pou resevwa, avèk tou peman Asirans Enfimite Sekirite Sosyal. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sekirite Sosyal, rele 1-800-772-1213 oswa ale sou Entènèt nan sit wèb: <http://www.ssa.gov/>.

Kimoun ki deside si mwen enfim? Nou sèvi ak menm règ ak Sekirite Sosyal pou detèmine si yon moun enfim. Si Sekirite Sosyal detèmine ou se yon moun enfim, n ap aksepte desizyon yo epi n ap konsidere ou otomatikman kòm yon moun enfim. Si ou pa genyen yon detèminasyon Sekirite Sosyal ki endike ou se yon moun enfim, n ap travay avèk Divizyon Detèminasyon Enfimite (DDD) pou fè yo evalye kondisyon ou dapre enfòmasyon medikal ou ba nou.

Kisa enfòmasyon mwen dwe bay? Si ou genyen yon detèminasyon enfimite Sekirite Sosyal, ba nou yon kopi lèt yo ba ou a pou montre nou desizyon ak dat enfimite ou te kòmanse. Nou pa bezwen lòt enfòmasyon medikal. Si ou pa genyen yon detèminasyon enfimite Sekirite Sosyal, ou dwe ba nou enfòmasyon sou eta sante ou. N ap voye enfòmasyon yo ba DDD pou yo kapab evalye yo epi pou yo pran yon desizyon sou enfimite ou.

Ki enfòmasyon mwen bezwen pou antrevi mwen?

- Non ak non fanmi, adrès ak nimewo telefòn doktè, lopital oswa klinik ki te trete ou.
- Dat tretman an.
- Non tout medikaman w ap pran pou eta sante ou.
- Dosye medikal doktè ou, terapet ou, lopital ou ak klinik ou yo.
- Rezilta laboratwa ak rezilta tès.
- Enfòmasyon sou aktivite nòmal toulejou ou, enterè ak pastan ou, ak fason eta sante ou afekte yo.
- Bòdwo medikal ki pa peye.
- Fòmilè CF-ES 2514 ki Siyen (Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon).

Ki lòt enfòmasyon mwen ta dwe bay? Anplis yo detèmine ou se yon moun ki enfim, ou dwe bay revni ak resous nan sèten limit pou w kapab kalifye pou resevwa Medicaid. Ou dwe ap viv tou nan eta Florid epi ou dwe se yon sitwayen ameriken oswa yon moun kalifye ki pa sitwayen ameriken.

Lòt enfòmasyon nou bezwen:

- Nimewo Sekirite Sosyal.*
- Grinkat ou, si ou pa yon sitwayen ameriken.*
- Dokiman ki pwouve revni brit ou (anvan taks) nan tout sous.

- Nenpòt lèt ou te resevwa nan Sekirite Sosyal konsènan enfimite ou.
- Dokiman ki pwouve ou te aplike pou peman Asirans Enfimite Sekirite Sosyal.*
- Enfòmasyon sou byen ou posede tankou kont labank, aksyon, anwite, byen imobilye, vwati, elatriye.

Lis ki anwo a dwe genyen ladan kalite dokiman ki pi komen nou bezwen pou ba nou pou montre ou kalifye pou resevwa Medicaid. Nou kapab mande ou lòt enfòmasyon pandan antrevi oswa pandan n ap trete dosye ou.

* Pa nesèsè si ou pa yon sitwayen ameriken epi si ou aplike sèlman pou Sèvis Medikal Ijans pou kouvri peryòd sèvis ijans yo sèlman.

Pa rete tann! Pa rete tann antrevi ou si ou pa genyen tout enfòmasyon sa yo. Ou kapab bay yo pita oswa nou kapab ede ou jwenn yo. Si ou ban nou dosye medikal ou ansanm avèk aplikasyon ou, sa kapab ede nou pran yon desizyon pi vit, men si dosye medikal ou pa disponib, n ap toujou voye aplikasyon pou enfimite ou nan Divizyon Detèminasyon Enfimite. Ou kapab fè kopi dosye medikal ou nan sant sèvis kliyantèl oswa ou kapab fakse li ba moun k ap trete dosye ou nan youn nan biwo asosye kominotè annò nou. W ap jwenn lis sant sèvis ak asosye nou yo sou Entènèt nan sit wèb: http://www.dcf.state.fl.us/ess/docs/partner_listing.pdf.

Trè enpòtan! Nou fè pifò antrevi yo nan telefòn. Si ou bezwen rebran yon randevou pou antrevi ou, tanpri rele nan nimewo ou jwenn nan lèt randevou ou pou kapab pran lè pou yon lòt randevou. Tanpri konprann lè ou rebran yon randevou, sa kapab lakòz yon reta nan tretman dosye Medicaid ou.

N ap fè tout efò pou ranpli aplikasyon ou nan 90 jou ki vini apre dat nou resevwa aplikasyon ou pou Medicaid, sa nou pa konte okenn reta ou lakòz nan chèche enfòmasyon yo pou ba nou.

Si dosye ou toujou annatant apre 100 jou, n ap revize dosye ou pou detèmine ki rezon ki fè pa genyen desizyon ki pran sou li, n ap bay manm pèsònèl kalifikasyon enstwiksyon sou ki enfòmasyon ki manke, epi n ap fè yo konnen fason pou yo jwenn enfòmasyon ki manke yo.

Si nou fè yon revizyon dosye ou nan 100 jou, n ap voye ba ou yon avi espesyal k ap fè ou konnen rezilta revizyon nou fè a. N ap kontinye kontwole dosye ou jouk nou rive pran yon desizyon final.

Ou kapab ranpli yon fòmilè aplikasyon sou Entènèt nan <http://www.dcf.state.fl.us/ess/> oswa rele 1-866-762-2237 pou yo kapab voye yon fòmilè aplikasyon pou ou pa lapòs.

Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi) ap pran desizyon sou aplikasyon ou san konsidere laj ou, ras ou, koulè ou, sèks ou, enfimite ou, kwayans relijye ou, peyi kote ou fèt, sitiasyon fanmi ou, oswa konviksyon politik ou.